

4 Jiyè 2026

M sonje 4 jiyè 1976. Se te sezon ete anvan dènye ane lekòl segondè mwen, epi mwen te chita ak fanmi m ap gade yon gwo espektak patriyotik sou ti televizyon nwa e blan nou an. Arthur Fiedler ak Boston Pops te bay yon pèfòmans moun pa t ap janm bliye. Petèt se te premye konsè an dirèk mwen te janm wè nan televizyon, epi depi lè sa a, mwen te vin renmen sa nèt! Si yon moun te di m lè sa a, 50 ane apre, mwen t ap sou sèn sa a ak America's Orchestra, mwen pa t ap janm kwè moun sa a. Jouk jodi a, mwen toujou gen difikilte pou m kwè sa.

Ane sa a make 31yèm ane mwen alatèt Boston Pops. Chak ane, Espektak Fedatifis nou an pou 4 jiyè toujou sèvi, nan yon sans, kòm yon siy ki montre klima peyi a: evènman ki ban nou fòm, kote nou ye, ak kote nou vle ale.

Mwen kwè Etazini se yon vizyon n ap toujou chèche reyalize, yon travay k ap kontinye fèt san rete. Konsa, mwen kwè anivèsè nesans nasyon nou an se plis pase yon okazyon pou nou selebre potansyèl nou, ansanm ak pwogrè n ap fè pou nou vin “yon Inyon ki pi pafè,” olye pou n bat lestomak nou oswa felisite pwòp tèt nou. Konsè nou an ane sa a pral rasanble plizyè milyon Ameriken ki soti nan divès orijin etnik, ki gen diferan kwayans ak diferan konviksyon politik. Anba banyè mizik la, ki ini nou, n ap selebre sa peyi sa a vle di pou chak nan nou pèsoneyman, epi petèt n ap vin pi byen konprann sa li vle di pou lòt moun. Epi, lè fedatifis yo fini epi nou retounen nan lavi nòmal nou, m espere chak nan nou ap ale ak yon etensèl lespwa, ansanm ak yon pi bon konpreyansyon sou travay ki devan nou yo, pandan n ap fè efò pou reyalize vizyon Papa Fondatè yo nan yon mond ki diferan anpil ak mond 1776 la.

Nenpòt moun ki konnen m ap di w tèt mwen tankou yon gwo depo pou lirik mizik. Mwen sonje kouplè ki pa twò popilè yo pi byen pase melodi ki mache ak yo! Nan okazyon 250yèm anivèsè fondasyon peyi nou an, gen de lirik mwen sonje, ki soti nan kouplè mwens moun konnen nan im patriyotik ki vin tounen senbòl peyi a, e mwen ta renmen pataje yo avèk nou:

“...alò nou dwe ranpòte laviktwa, lè kòz nou an jis. E men deviz nou: ‘Se nan Bondye nou mete konfyans nou.’”

...ki soti nan dènye kouplè powèm Francis Scott Key la, “The Star-Spangled Banner,” ki te ekri plizyè ane apre premye kouplè a, ki vrèman popilè. Li te sèvi ak dènye stwòf powèm li a pou raple Ameriken yo vrè pouvwa nou kapab dire sèlman toutotan nou sèvi avè l yon fason ki ka jistifye sou plan moral. E men lòt sitasyon an:

“Etazini, se pou Bondye korije tout defo w yo. Se pou l ranfòse nanm ou nan metrize tèt ou, epi se pou libète w chita sou lalwa.”

...ki soti nan dezyèm kouplè powèm “America, the Beautiful” la, yon powèm Katherine Lee Bates te ekri. Bates te fèt nan Massachusetts e li te pwofesè nan Wellesley. Se yon avètisman ki toujou enpòtan pou Ameriken yo: pou yo pa kite awogans pran tèt yo, epi pou yo mete dwa tout Ameriken yo nan lwa ki pwoteje menm moun ki gen mwens pouvwa pami nou yo.

Bòn Fèt, Etazini!

Keith Lockhart

Gwo Espektak Fedatifis Boston Pops 2026
4 Jiyè 2026

Boston Pops
Keith Lockhart, chèf òkès

ENVITE ESPESYAL
Lainey Wilson
Chance The Rapper
Trombone Shorty
Megan Hilty

PREZANTE PA
Jane Lynch

AVÈK PATISIPASYON
Regie Gibson, Powèt Loreya MA
Pelin Su Yavuz, pyano

Boston Crusaders Drum and Bugle Corps
Koral Boston Children's Chorus, Kenneth Griffith, chèf òkès
Koral Tanglewood Festival
Middlesex County Volunteers Fife and Drums
Gad Drapo USS Constitution

Avèk patisipasyon Koral Festival Tanglewood, Koral Timoun Boston ak Gad Drapo USS Constitution
The Star-Spangled Banner (Smith/Key — aranjman R. Bass)

Avèk patisipasyon Koral Festival Tanglewood
Armed Services Medley (aranjman Bodge/Elliot)

Avèk patisipasyon Koral Festival Tanglewood ak Koral Timoun Boston
Patriotic Sing-Along (*Kosarin/Besterman*)

Avèk patisipasyon Koral Festival Tanglewood, Koral Timoun Boston ak Boston Crusaders Drum and Bugle Corps
Stars and Stripes (Sousa)

Avèk patisipasyon Boston Crusaders Drum and Bugle Corps
1812 Overture (Tchaikovsky)

Avèk patisipasyon Pelin Su Yavuz, pyano
Spain (Corea—aranjman Solla)

Avèk patisipasyon Middlesex County Volunteers Fife and Drums
Liberty: Freedom from Tyranny (Billings—aranjman Meirer)

Avèk patisipasyon Regie Gibson ak Koral Timoun Boston
Song of Massachusetts (Simon/Gibson) [Premye Prezantasyon Mondyal; yon pyès Boston Pops te fè konpoze espesyalman]

Mizik Fedatifis yo
Summon the Heroes (Williams)
I'm Shipping Up to Boston (Barr/Casey/Kelly/Guthrie—aranjman Hollenbeck)
Spirit of America (Stephenson) [Premye Prezantasyon Mondyal; yon pyès Boston Pops te fè konpoze espesyalman]

N ap prezante LAINEY WILSON

N ap prezante CHANCE THE RAPPER

N ap prezante TROMBONE SHORTY

N ap prezante MEGAN HILTY

Avèk patisipasyon Koral Festival Tanglewood

Shower the People You Love with Love (Taylor—aranjman Silverman)

Yankee Doodle (Gould)

Avèk patisipasyon Boston Crusaders Drum and Bugle Corps

Sweet Caroline (Diamond)

Step and Stroll

Pèfòmè & Animatè yo

Lainey Wilson

Lainey Wilson kontinye fè piblik la atravè lemond tonbe anba cham li, pandan li genyen kè fanatik li yo ak respè lòt atis parèy li yo. Nan yon ane ki chaje anpil pou li, yo fè yon nouvo dokiman apwofondi sou li sou Netflix, *Lainey Wilson: Keepin' Country Cool*. Li soti nouvo mizik li a, “Can’t Sit Still,” ansanm ak yon kolaborasyon espesyal ak Miley Cyrus (“Younger You”). Epitou li te atis prensipal nan Stagecoach, ak yon pèfòmans ki te chaje ak enèji. *Billboard* te fè lwanj pou pèfòmans lan, li te ekri: “Wilson te montre li gen tout enèji yon vrè atis tèt afich... vwa [li] te fò e li te gen anpil asirans, pandan karism li ki vivan anpil te parèt aklè.”

Anplis de sa, Wilson jwenn sèt nominasyon pou ACM Awards k ap vini yo: Entertainer of the Year (Atis ki pi make ane a), apre l te genyen kategori sa a de fwa youn apre lòt; Female Artist of the Year (Atis fi ane a); Song of the Year (Single ane a) pou “Somewhere Over Laredo,” kòm atis ak kòm konpozitè mizik la; Single of the Year (Single ane a) pou “Somewhere Over Laredo”; Music Event of the Year (Evènman mizikal ane a) pou “Trailblazer,” ansanm ak Reba McEntire ak Miranda Lambert; epi Visual Media of the Year (Meyè pwodiksyon vizyèl ane a) pou “Somewhere Over Laredo”).

Ane pase, Wilson, ki deja genyen 12 prim CMA, 16 prim ACM, yon Grammy, epi ki se manm Grand Ole Opry, te anime 59yèm CMA Awards yo. Se te premye fwa depi Reba McEntire an 1991 yon fanm te anime seremoni sa a pou kont li. Li te soti tou vèsyon deluxe albòm li a, *Whirlwind*, kote nou jwenn mizik li ki rive nimewo 1 an, “Somewhere Over Laredo.” Kòm konpozitè, Wilson se yon atis anpil moun ap chèche kolabore avè l. Li deja gen nèf mizik ki rive nimewo 1, tankou “4x4xU,” “Watermelon Moonshine,” ki sètifye Platinyòm 3 fwa, ak “Heart Like a Truck,” ki sètifye Platinyòm 4 fwa. Li gen tou kolaborasyon ak Jelly Roll sou “Save Me” ak HARDY sou “wait in the truck”). Anplis de sa, Wilson deja travay ak atis tankou Reba McEntire, Dolly Parton ak Post Malone. Li jwe tou nan adaptasyon Universal fè sou liv Colleen Hoover a, *Reminders of Him*, ansanm ak seri popilè Paramount la, *Yellowstone*. Dènyèman, li lanse senkyèm koleksyon li ak Wrangler, ansanm ak pwòp liy bòt pa li, Golden West Boots, ak liy bijou pa li, The Lainey Wilson Jewelry Collection).

Chance The Rapper

Chance The Rapper se yon atis ki soti Chicago, ki ranpòte plizyè prim. Li se yon moun ki gen vizyon, epi ki travay anpil pou ranfòse kominote l. Karyè li fè moun wè yon lòt jan sa yon atis endepandan ka reyalize nan endistri mizik la. Depi okòmansman, li te pami atis ki louvri chemen pou lòt moun. Li antre nan listwa kòm premye atis endepandan ki genyen yon Grammy, gras ak mixtape li *Coloring Book*, yon pwojè anpil moun te fè lwanj pou li. Avèk pwojè sa a, li te ranpòte twa prim, tankou Best New Artist (Meyè nouvo atis) ak Best Rap Album (Meyè albòm rap). Gwo pwojè li yo, soti nan *Acid Rap* rive nan dènye albòm li *Star Line*, fè l vin youn nan vwa ki gen plis enfluyans nan hip-hop. Li se yon atis ki kontinye pote inovasyon, defye abitud ki deja tabli yo, epi mete yon misyon klè nan sant travay li.

Avèk *Star Line*, Chance antre nan etap ki pi anbisye e ki pi pèsònèl nan karyè li jiskaprezan. Albòm nan, li kreye l ansanm ak DexLvL, yon pwodiktyè li gen lontan depi l ap travay avè l. Nan pwojè sa a, li melanje hip-hop, soul ak son eksperymantral, pandan l ap reflechi sou idantite, kapasite pou kenbe fèm, ak eritaj li vle kite. Pwojè a pran enspirasyon nan vwayaj li te fè nan peyi Gana, Jamayik, ansanm ak nan fwa atistik atravè lemond. Li gen kolaborasyon ak Lil Wayne, Smino ak Joey Bada\$\$, epi li selebre ni rasin li nan Chicago ni dyaspora nwa a atravè

mond lan. Anplis mizik, Chance kontinye mete atizay ak teknoloji ansanm nan fason li rakonte istwa ak kreyativite, eksperyans ki plonje piblik la nan yon linivè atistik, ak patenarya ak atis vizyèl tankou Brandon Breaux. Se Breaux ki te fòs kreyatif dèyè travay atistik ki sou twa kouvèti pwojè Chance yo. Yo deja prezante travay Breaux yo nan Art Basel, Museum of Contemporary Art Chicago, ak MOCA Los Angeles.

Avèk menm angajman pou fè yon enpak pozitif nan kominote a, Chance te fonde SocialWorks, yon òganizasyon ki pap chache fè lajan, ki baze nan Chicago. Òganizasyon sa a la pou bay jèn yo plis zouti ak opòtinite atravè atizay, edikasyon ak patisipasyon sivik. Atravè inisyativ tankou OpenMike, Support CPS ak New Chance Fund, òganizasyon an deja envesti plis pase 12 milyon dola nan vil la, pandan l ap bay jenerasyon k ap vini an opòtinite ak resous. Soti nan yon atis ki te fè gwo bri ak mixtape li yo rive nan yon inovatè kiltirèl, Chance The Rapper rete yon vwa apa. Endepandans li reflète yon vizyon kreyatif ki chita sou lafwa, kominote ak lajwa.

Trombone Shorty

Pa gen anpil atis ki reprezante nanm New Orleans menm jan ak Trombone Shorty. Non nesans li se Troy Andrews. Mizisyen sa a, ki ranpòte yon Grammy, se pwodiktè ak lidè gwoup mizikal tou. Depi lontan, l ap bay gwo eritaj mizikal New Orleans lan yon koulè modèn, atravè yon melanj mizik ki chaje ak enèji, kote li mete ansanm jazz, funk, rock, soul, hip-hop, blues ak enfluyans mizik Karayib.

Shorty se moun New Orleans. Li te fè premye pèfòmans li nan Jazz Fest lè li te gen sèlman 4 an, ansanm ak Bo Diddley. Lè li te gen 6 an, li te deja ap dirije pwòp brass band pa l. Lè li te rive nan ventèn li, li te deja soti albòm ki te jwenn bon kritik, epi li te deja fè toune atravè lemond. Depi lè sa a, li deja pèfòme sou tout kalite gwo sèn, soti nan White House ak Madison Square Garden rive nan Grammy Awards ak Super Bowl 2025 lan. Li pataje sèn tou ak anpil atis, tankou Jeff Beck, Red Hot Chili Peppers, Bruno Mars, Pharrell, Foo Fighters, Jon Batiste ak Lenny Kravitz.

Anplis mizik, Shorty angaje l anpil nan edikasyon mizikal pou jèn yo atravè Trombone Shorty Foundation. Li se yon lidè kiltirèl tou anpil moun apresye nan New Orleans. Pèfòmans li yo sou sèn toujou chaje ak enèji, epi albòm li yo jwenn anpil bon kritik, tankou *Lifted* ki te soti an 2022. Travay li yo montre lajwa, rezilyans ak enèji vil li fyè pou l rele lakay li a.

Megan Hilty

Megan Hilty te kòmanse karyè li ak wòl Glinda nan *Wicked*, nan pwodiksyon Broadway la, nan toune nasyonal la, ak nan pwodiksyon Los Angeles la. Yon ti tan apre li te pase 4 an edmi nan linivè Oz la, se li menm ki te premye jwe wòl Doralee nan 9 to 5: *The Musical*. Men, se petèt pou wòl Ivy Lynn nan *Smash*, dram mizikal NBC a, yo plis konnen Hilty. Nan wòl sa a, li te montre l se yon atis konplè: li ka chante, danse, epi jwe teyat. Pami anpil pwojè li fè pou televizyon, genyen *Annie Live!*, *Sean Saves the World*, *The Pradeeps of Pittsburgh*, ansanm ak wòl Patsy Cline, yon figi lejand nan mizik country, nan *Patsy & Loretta*. Wòl sa a te fè li jwenn yon nominasyon nan Critics' Choice Award pou Best Actress (Meyè Atris). Hilty te jwenn nominasyon pou Tony, Drama Desk ak Drama League awards pou fason li te entèprete wòl Brooke Ashton nan nouvo pwodiksyon *Noises Off* Roundabout Theater Company an. Se li menm tou ki te premye jwe wòl Madeline Ashton nan pwodiksyon Broadway *Death Becomes Her*, sa ki fè li jwenn nominasyon pou Tony, Grammy ak Drama League awards.

Jane Lynch

Jane Lynch ranpòte senk prim Emmy, de prim SAG Award, ak yon Golden Globe.

Dènyèman, yo te wè li nan wòl Sazz Pataki nan *Only Murders in the Building*, yon pèfòmans ki te fè l jwenn yon nominasyon pou Emmy. Li te jwe tou nan seri komedi *The Marvelous Mrs. Maisel*, ki ranpòte plizyè prim, epi li te anime *The Weakest Link*, yon emisyon konkou popilè sou FOX.

Pa twò lontan, li te reprann wòl Constance Carmell nan nouvo vèsyon seri *Party Down* lan, epi li te jwe wòl Mrs. Rosie Brice nan premye relansman sou Broadway komedi mizikal klasik *Funny Girl* la. Yo konnen li anpil pou wòl li kòm animatris *Hollywood Game Night*, yon wòl ki te fè li ranpòte yon Emmy, ansanm ak wòl Sue Sylvester nan *Glee*, ki te fè li ranpòte ni yon Emmy ni yon Golden Globe.

Pami lòt pwojè li fè pou televizyon, genyen *Manifesto*, kote li jwe wòl Janet Reno, ansanm ak *Space Force*, *Criminal Minds*, *The Good Fight*, *Portlandia*, *Angel from Hell*, *Lovespring International*, *Two and a Half Men*, ak *The L Word*.

Regie Gibson

Regie Gibson se powèt, konpozitè, otè, animatè atelye ak edikatè. Li deja pèfòme, anseye epi bay konferans nan lekòl, inivèsite, teyat ak lòt espas nan sèt peyi, tankou La Avàn, Kiba. Gibson ak travay li parèt nan fim New Line Cinema *Love Jones*, yon fim ki baze anpil sou evènman nan lavi li. Powèm li ki rele “Brother to the Night (A Blues for Nina)” parèt sou band sonò fim nan; se Larenz Tate, youn nan aktè prensipal fim nan, ki entèprete l. Gibson te pèfòme tou “Hey Nappyhead” ansanm ak Kahil El Zabar, yon mizisyen pèkisyon ak konpozitè ki gen renome entènasyonal, pou fim nan. Gibson deja travay ak Gwendolyn Brooks, Roy Ayers, Fared Haque, Kurt Vonnegut, David Amram, mwàn Drepung Gomang Monastery yo, manm Association for the Advancement of Creative Musicians (AACM), Mos Def, David Murray, Sterling Plumpp, Marc Smith, Savion Glover ak John Legend, pami

anpil lòt moun. Kolaborasyon sa yo kouvri plizyè stil mizikal, tankou mizik mondyal, mizik sèltik, jazz, blues, salsa ak mizik klasik ewopeyen.

Gibson se yon ansyen chanpyon endividyèl National Poetry Slam. Chicago Tribune te chwazi l kòm youn nan Atis Ane a pou ekselans nan pwezi li. Li te sèvi kòm ko-jij nan Chicago Sun-Times Poetry Competition ansanm ak Marc Smith ak Mark Strand. Yo konn envite l regilyèman sou NPR, epi li deja parèt nan “Def Poetry Jam” sou HBO."

Gibson te fè toune ak Chicago Mask Ensemble. Li te patisipe nan pwodui pyès teyat *The Mystery of Fire Bread* pandan li t ap pèfòme ann Ewòp ak Sharnier Theater. Travay pwezi orijinal li yo te adapte pou sèn nan, epi Janet Misurell-Mitchell, yon mizisyèn flit klasik, te konpoze mizik pou yo. Eric Rosen te pwodui yo epi li te dirije yo pou *Words on Fire*, yon pwodiksyon Steppenwolf Theater. Gibson se fondatè Neon JuJu, yon ansanm literè ak mizikal ki mete tèks literè ansanm ak mizik ki soti nan divès tradisyon atravè mond lan.

Yo pibliye travay Gibson anpil nan antoloji, magazin ak jounal literè tankou Iowa Review, Harvard Divinity Bulletin, Poetry magazine, Spoken Word Revolution (Source Books), ak lòt ankò. Liv pwezi li *Storms Beneath The Skin* (EM Press) te pibliye an 2001, epi l te resevwa Golden PEN Award. an 2005, Gibson te parèt nan *Art Close-Up*, yon magazin atistik sou PBS. An 2008, li te genyen konkou pwezi entènasyonal Big Boat nan Monfalcone, Itali. Li gen yon MFA nan pwezi nan New England College, epi li kontinye anime atelye ekriti kreyatif, ansanm ak devlope pwogram literè nan lekòl segondè ak inivèsite toupatou Ozetazini.

Pelin Su Yavuz

Pelin Su Yavuz se yon pyanis e chantez 19 an. Kounye a, li nan dezyèm ane etid li nan Berklee. Li fèt Istanbul, nan peyi Tiki. Li te kòmanse chante depi li te piti, epi lè li te gen 10 an, li te kòmanse etidye pyano klasik nan Mimar Sinan State Conservatory. Depi lè l te demenaje pou vin Boston an 2021 an, li eksplòre plizyè stil mizik, tankou jazz, R&B, neo-soul, hip-hop, funk, pop ak mizik klasik.

An 2024, Yavuz te genyen Fidelity Young Artists Competition, epi li te pèfòme ansanm ak Boston Pops. Apre sa, yo te mete l sou pwogram Boston Calling, kote li te pèfòme pandan twa jou youn apre lòt kòm atis prensipal. Anpil gwo non nan mizik deja rekonèt talan li, tankou Lenny Kravitz, Questlove, David Foster, Jon Batiste, Rick Beato, Robert Glasper, Randy Jackson, Anderson .Paak, ak anpil lòt ankò.

Yavuz deja kolabore ak atis ki genyen Grammy oswa ki jwenn nominasyon pou Grammy, tankou Keyon Harrold, Tia Fuller, Kris Davis ak Brian Kennedy. Videyo l yo ki vin viral fè plis moun rekonèt li kòm youn nan pyanis, chantez ak konpozitè ki pa pè pouse limit kreyasyon mizikal yo pi lwen.

Boston Crusaders Drum and Bugle Corps

Boston Crusaders, ki te fonde an 1940, se dezyèm gwoup jèn pèfòmè ki pi ansyen junior drum and bugle corps Ozetazini, epi li se youn nan manm fondatè Drum Corps International. Gwoup la genyen sèlman manm ki poko gen 22 an, nan seksyon enstriman an kwiv, pèkisyen ak color guard. Chak ete, Boston Crusaders vwayaje plis pase 10,000 mil pou l patisipe nan Drum Corps International Tour la.

Pandan plis pase 85 ane istwa li, Boston Crusaders soti nan youn ti aktivite katye pou l vin tounen youn gwo fòs nan tout peyi a. Depi 1999, Boston Crusaders toujou pami finalis DCI yo, epi an 2025, li te ranpòte premye tit li nan Drum Corps International World Championship. Òganizasyon an gen nan palmarès li senk George Zingali Best Color Guard Awards, ansanm ak plizyè rekonesans mizikal, tankou Fred Sanford Best Percussion Performance Award ak Jim Ott Best Brass Performance Award. Yo konnen Boston Crusaders pou detèminasyon li ak angajman l nan kesyon ekselans. Òganizasyon an chèche pouse manm li yo pou yo rive nan pi wo nivo kapasite yo, pa sèlman kòm atis, men tou nan lavi yo andeyò teren pèfòmans lan.

Boston Crusaders se yon pwogram ki fè pati Inspire Arts & Music, epi li se youn nan òganizasyon ki pap chache fè lajan 501(c)(3), ki anrejistre nan Commonwealth of Massachusetts.

Boston Children's Chorus

Boston Children's Chorus (BCC), yo rele tou Koral Timoun Boston, te fonde an 2003 pa Hubie Jones, yon lidè sivik ki pase 60 ane ap travay pou ede timoun ak kominote nan Boston ki pa jwenn ase resous ak sèvis pou fè fas ak pwoblèm sosyal yo. Boston Globe te rele BCC “Anbasadè Amon” Boston yo. BCC sèvi ak fòs mizik pou rasanble divès kominote Boston yo, devlope anpati, epi ankouraje refleksyon sou kesyon sosyal yo.

Pwogram koral BCC yo gen 11 koral, ak chantè ki soti nan 110 kòd postal diferan nan Boston ak nan zòn ki antoure l yo. Anplis pwogram apre lekòl li yo, BCC travay an patenarya ak lekòl pou devlope pwogram koral andedan lekòl yo nan Mattapan, Roxbury, South Boston, East Boston, Allston ak Chelsea.

Chak sezon, BCC prezante plis pase 50 pèfòmans nan divès kalite evènman piblik ak prive. Koral la deja pèfòme nan plizyè gwo espas, tankou Symphony Hall ak TD Garden nan Boston, Royal Albert Hall nan Lond, Sydney Opera House, ak White House. BCC deja parèt nan TED Talks, li konn patisipe regilyèman nan pwogram televizyon ak radyo lokal, epi li deja pèfòme ak gwo atis tankou Idina Menzel, Javier Muñoz, Hugh Jackman ak Leslie Odom Jr.

An 2020, yo te anonse albòm Fantastic Mr. Fox te ranpòte youn Grammy Award pou Best Opera Recording.

Anrejistremen sa a te fèt ak patisipasyon Boston Modern Orchestra Project, an kolaborasyon ak Odyssey Opera ak

Boston Children's Chorus, anba direksyon Gil Rose. Anplis de sa, BCC te resevwa National Arts and Humanities Youth Program Award an 2013. Prim sa a te fè koral la parèt kòm youn nan pi bon pwogram atizay ak syans imanité pou jèn nan peyi a. BCC te resevwa prim nan men Premye Dam Michelle Obama nan White House.

Tanglewood Festival Chorus

Tanglewood Festival Chorus (TFC), Koral Festival Tanglewood la, se yon koral ki fèt nèt ak volontè. Okòmansman, li te fòme avèk sipò ansanm Boston University ak Boston Symphony Orchestra, Se defen John Oliver, premye chèf koral la, ki te fonde l an 1970. Li te kite pòs lidèchip li nan TFC nan fen sezon Tanglewood 2015 lan. James Burton, ki te vin ranplase l, te nonmen an 2017 nan nouvo pòs BSO Choral Director yo te fèk kreye a. Li te fini manda li ak TFC nan mwa dawout 2025. Nan sezon 2025-2026 la, TFC ap pèfòme ak BSO ansanm ak Andris Nelsons nan *Missa Solemnis* Beethoven nan, pou selebre 125yèm anivèsè Symphony Hall; nan opera *Vanessa* Samuel Barber la; nan *Chichester Psalms* Bernstein nan; epi nan mizik ki soti nan opera *Nixon in China* John Adams nan. Koral la ap pèfòme tou sou direksyon Herbert Blomstedt nan *Nänie* ak *Schicksalslied* Brahms yo, epi ak Dima Slobodeniouk nan *Harmonium* John Adams nan ak Nevyèm Senfoni Beethoven nan. Koral la pral rejwenn Keith Lockhart ak Boston Pops tou pou sezon Holiday Pops ak Spring Pops yo.

Tanglewood Festival Chorus te kreye okòmansman pou pèfòmans ki fèt nan Tanglewood, kote BSO pase sezon ete li. Jodi a, Koral Festival Tanglewood la jwe yon gwo wòl nan sezon konsè regilye BSO a, ansanm ak nan konsè BSO bay nan Carnegie Hall. Yo konsidere Tanglewood Festival Chorus kòm youn nan pi gwo koral senfonik nan mond lan. Koral la fèt ak chantè volontè ki bay tan yo ak talan yo, pandan y ap pèfòme pandan tout ane a ak Boston Symphony Orchestra ak Boston Pops. TFC fè anrejistreman souvan tou ak BSO ak Boston Pops. Dènye anrejistreman li yo ak BSO se senfoni 2, 3 ak 13 Dmitri Shostakovich yo, anba direksyon Andris Nelsons, Direktè Mizikal BSO a; anrejistreman sa yo te soti nan mwa oktòb 2023. Koral la parèt tou nan opera Shostakovich la, *Lady Macbeth of Mtsensk*, ki te antre nan bwat koleksyon òkès la sou mizik òkès Shostakovich, yon koleksyon ki te soti nan sezon prentan 2025. Koral la deja fè anrejistreman tou ak Boston Symphony Orchestra sou direksyon chèf òkès tankou Seiji Ozawa, Bernard Haitink, James Levine, Leonard Bernstein ak Sir Colin Davis, epi ak Boston Pops sou direksyon Keith Lockhart ak John Williams. Band sonò TFC parèt nan plizyè fim, tankou *Saving Private Ryan* Steven Spielberg la. Koral la deja chante ak Boston Pops nan match Boston Red Sox ak Celtics yo. Li te chante im nasyonal la tou anvan yon match American League Championship Series nan Fenway Park, nan mwa oktòb 2021. TFC deja chante premye prezantasyon mondyal ak premye prezantasyon Ozetazini plizyè zèv BSO te kòmande pou koral ak òkès, tankou Requiem ak *Koussevitzky Said*: John Harbison yo, Eighth Symphony William Bolcom nan, *Lakes Awake at Dawn* Eriks Ešenvalds la, ak *The Dong with a Luminous Nose* Elena Langer la. Nan sezon 2024-2025 la, koral la te parèt nan plizyè pèfòmans BSO, tankou Symphony No. 8 Mahler la, Symphony No. 9 Beethoven nan, *Die tote Stadt* Korngold la, Requiem Mozart la, *Symphony of Psalms* Stravinsky a, ansanm ak premye prezantasyon mondyal *Love Canticles* Vrebalov la, yon zèv BSO te kòmande. Nan sezon ete 2025 la nan Tanglewood, koral la te pèfòme *All-Night Vigil* Rachmaninoff la nan Prelude Concert anyèl li nan Seiji Ozawa Hall. Li te pèfòme tou ak BSO nan *Tosca* Puccini an, *Gloria* Poulenc lan, Symphony No. 9 Beethoven nan, ansanm ak premye prezantasyon mondyal Words and *Prayers of My Fathers*, yon zèv a cappella BSO te kòmande nan men Carlos Simon, yon konpozitè ki gen yon pozisyon espesyal nan BSO.

Middlesex County Volunteers Fifes & Drums

Middlesex County Volunteers Fifes & Drums (MCV) te fonde an 1982, pandan peryòd bisantnè a t ap rive nan fen li, pa mizisyon nan zòn Boston ki te vle fouye pi fon nan repètwa tradisyonèl regimental fife and drum corps yo, sa vle di gwoup fif ak tanbou rejiman ki te asosye ak lame ewopeyen oswa ameriken pandan Lagè Endependans Ameriken an, ant 1775 ak 1783. Jodi a, MCV vin tounen yon ansanm mizikal ki espesyalize nan repètwa. Li pèfòme mizik militè, mizik dans ak mizik folklorik ki soti nan sous ameriken ak ewopeyen depi 17yèm rive 19yèm syèk, ansanm ak konpozisyon kontanporen. Nan yon sans ki pi laj, MCV chita sou istwa, mizik, edikasyon ak divètisman.

Misyon MCV se fè rechèch sou mizik fif ak tanbou, pèfòme l, epi fè pwomosyon pou li; selebre rasin istorik li yo; epi transmèt tradisyon vivan sa a bay lòt moun, ni atravè egzanp yo bay, ni atravè ansèyman. Pami pèfòmans resan MCV fè Ozetazini, genyen evènman Boston Harborfest yo, Drummers Call ak Grand Illumination nan Colonial Williamsburg, ansanm ak Mid-Atlantic Flute Convention 2026 la, kote yo te envite MCV kòm pèfòmè espesyal. Dènye toune MCV fè aletranje yo te mennen gwoup la Kanada pou Royal Nova Scotia International Tattoo, Swis pou Basel Tattoo, epi Ekòs pou Royal Edinburgh Military Tattoo. Depi ane 1990 yo, MCV pwodui nèf albòm.

Gad Drapo USS Constitution

USS Constitution Color Guard (Gad Drapo USS Constitution) se yon ekip seremoni ki fòme ak maren ki afekte nan USS Constitution. Yo reprezante kòmandman an nan evènman militè, sivik ak kominotè toupatou nan rejyon an.

Ekip la prezante epi retire drapo nasyonal la ak drapo seremoni yo pandan seremoni ofisyèl, evènman espòtif, komemorasyon, parad ak aktivite piblik. Konsa, yo ede ranfòse lyen ant Lamarin Etazini ak piblik ameriken an.

Nòt pwogram sou Spirit of America, zèv Jim Stephenson nan

Yo dekri mizik Jim Stephenson kòm yon mizik “ki etonanman envantif” (*Musical America*), “ki merite pou yo tandè l ankò e ankò” (*Boston Herald*), epi kòm “yon mizik ki rafine anpil” (*Chicago Tribune*). Lwanj sa yo fè gen nouvo kolaborasyon k ap kontinye fèt sou mizik li, ak ansanbl mizikal ki gen gwo renome, tankou Chicago Symphony Orchestra, Minnesota Orchestra, òkès senfonik Baltimore, St. Louis, Atlanta ak Houston, Grant Park Festival Orchestra, Cabrillo Festival, Brevard, Colorado Music Festival, ansanm ak lòt gwoup pèfòmans tankou Joffrey Ballet ak San Francisco Ballet. *Fanfare for Democracy* li a te fè premye prezantasyon li nan inogirasyon Prezidan Biden. Apre sa, 51 òkès atravè Etazini, ki soti nan tout eta yo, te kòmande Stephenson yon zèv; zèv sa a te fè premye prezantasyon li ak Boston Pops an 2021. *Spirit of America* li a pral parèt tou nan pwogram America250 Boston Pops 4 Jiyè k ap vini an, ki pral difize sou CNN. Symphony No. 2, *Voices* li a deja ranpòte de prim, epi yo deja pèfòme l prèske 75 fwa pandan dènye deseni an. Stephenson ekri concerto, sonata ak mizik chanm pou mizisyen ki soti nan prèske tout gwo òkès yo, epi li deja kolabore plizyè fwa ak Joshua Bell. Dènyèman, *Quartet for a New Tomorrow* li a te fè premye prezantasyon li nan Lityani nan kòmansman ane 2026. Tousuit apre sa, yo te pèfòme l twa fwa Ozetazini, epi gen twa lòt pèfòmans ki deja pwograme pou mwa k ap vini yo. Pami pwojè li genyen sou kalandriye li, genyen de lòt senfoni, plizyè concerto, lòt zèv pou òkès ak ansanbl enstriman a van, ansanm ak yon nouvo *Odyssey of the Orchestra* pou jèn piblik Naples Philharmonic la.

Jim Stephenson gradye nan New England Conservatory an 1990, avèk distenksyon. Jodi a, li fyè dèske li rele Chicago lakay li, ansanm ak madanm li, Sally, ak kat pitit yo ki deja granmoun. Pitit yo pa Chicago pou kounye a, men li espere yo va vin la byento!

Spirit of America te ekri pou kapte esans ideyal Papa Fondatè yo t ap defann sa gen 250 ane, lè yo t ap mete nouvo nasyon nou an sou pye. Natirèlman, pyès la gen yon karaktè selebrasyon, men li refilete tou kouraj, detèminasyon ak travay di ki toujou nesè pou kenbe ideyal libète yo vivan pou tout moun k ap viv nan Etazini sa yo. Ti fragman mizikal ki soti nan “My Country, 'Tis of Thee” parèt toupatou nan pyès la, sitou pati tèks la ki di “peyi kote zansèt mwen yo te mouri.” Se yon fason pou rann omaj pou moun ki te vini anvan nou yo, moun ki te viv e ki te mouri pou pwoteje bagay nou konsidere kòm verite yo.

Enfòmasyon Militè

Kanon

101st Field Artillery la fòme ak 350 militè, fanm kou gason, ki fè pati 1st Battalion, 101st Field Artillery Regiment (premye batayon nan rejiman 101st Field Artillery la). Katye jeneral li a nan Brockton, Alpha Battery nan Fall River, epi Charlie Battery nan Danvers. Manm 211th Military Police Battalion ak 1st Civil Support Team yo prezan tou pou ede ak sekirite piblik.

Espesifikasyon kanon howitzer M102 la

Kalib 105 mm (4.13 pous)

Lajè 6.4 pye (2m)

Pwa 1.5 tòn (1.4 tòn metrik)

Distans maksimòm 11,500m (7.1 mil)

Longè 17.1 pye (5.2m)

Wotè 5.2 pye (1.6m)

Ekipaj 8 moun

Kapasite pou tire: jiska 10 kout pa minit

Enfòmasyon sou Evènman an

Gen plis enfòmasyon ki disponib sou bso.org/july4

Sekirite Piblik

Pou sekirite w, gen 25 ajans federal, ajans eta ak ajans vil ki sou plas nan Boston ak Cambridge, ansanm ak nan Unified Command Center evènman an. Sèvis medikal ijans, pòs premye swen e anplwaye sekirite/medikal yo sou plas nan Boston ak Cambridge.

Twalèt

Gen plis pase 200 twalèt ki twouve yo nan Boston ak Cambridge.

Tan

Y ap anonse mizajou sou previzyon move tan yo detanzantan atravè sistèm anons piblik evènman an. Tanpri suiv tout enstriksyon otorite sekirite piblik yo bay, oswa enstriksyon yo bay atravè sistèm son an.

Sonje: “Si w remake yon bagay, di yon bagay” ™

Si w remake nenpòt bagay ki parèt sispèk, tanpri fè youn nan anpil ajan sekirite piblik ki ann inifòm sou plas yo konnen, oswa rele 911.